

Chanpyon Sekirite

YON PWOGRAM KOPERASYON OSHA



Pwogram Chanpyon Sekirite OSHA (SCP) se yon pwogram koperasyon volontè ki rankontre biznis yo kote yo ye a epi ki sipòte anplwayè k ap patisipe yo nan devlope nouvo pwogram sekirite ak sante (SHP) oswa amelyore sa yo deja genyen. Objektif pwogram nan se ede diminye risk blesi, maladi, ak lanmò ki gen rapò ak travay, lè yo mete pwogram sekirite ak sante (SHP) yo an amoni ak Pratik Rekòmande OSHA yo pou Pwogram Sekirite ak Sante.

KI MOUN KI KA PATISIPE

- ▶ Pwogram nan ouvè pou tout espas travay nan sektè prive ak sektè piblik ki anba jiridiksyon OSHA epi ki vle amelyore sekirite ak sante nan travay.

KIJAN PWOGRAM NAN FONKSYONE

- ▶ Se yon kad travay ki gen twa etap epi patisipan yo ka suiv li poukont yo. (1) Entwodiksyon, (2) Entèmedyè, epi (3) Avanse.
- ▶ Chak etap an amoni ak sèt eleman prensipal [Pratik Rekòmande OSHA yo](#): (1) Lidèchip Jesyon; (2) Patisipasyon Travayè yo; (3) Idantifikasyon ak Evalyasyon Danje; (4) Prevansyon ak Kontwòl Danje; (5) Edikasyon ak Fòmasyon; (6) Evalyasyon ak Amelyorasyon Pwogram nan; epi (7) Kominikasyon ak Kowòdinasyon.
- ▶ Patisipan yo ka travay poukont yo oswa avèk Anplwaye Espesyal Gouvènman an (SGE), ki ka sèvi kòm konseye oswa evalye pwogram sekirite ak sante yo ansanm ak pwogrè yo nenpòt ki lè.

- ▶ Lè anplwayè k ap patisipe yo fin konplete Etap Avanse a avèk siksè, y ap genyen yon pwogram sekirite ak sante (SHP) ki entegre tout sèt eleman prensipal yo epi ki montre yon apwòch aktif ak prevantif anvè sekirite ak sante.

POUKISA POU PATISIPE

- ▶ Diminye risk pou blesi, maladi, ak lanmò rive nan espas travay la.
- ▶ Sèvi ak yon kad travay ki klè, fleksib, epi ki ann amoni ak bon pratik ki deja pwouve.
- ▶ Jwenn konsèy nan men pwofesyonèl ki gen eksperyans nan domèn sekirite ak sante.
- ▶ Resevwa rekonesans OSHA pandan w ap avanse nan pwogram nan.

KÒMANSE

- ▶ Pou aprann plis sou pwogram nan epi pou enskri, vizite [OSHA.gov/Safety-Champions](https://www.osha.gov/safety-champions)

Etap SCP pou Reyisi

Kòmanse kolabore avèk OSHA ▶

1

Entwodiksyon

Kòmanse mete pwogram sekirite ak sante ou a ann amoni ak sèt eleman prensipal yo.

2

Entèmedyè

Konsantre sou mete pwogram sekirite ak sante ou a an aplikasyon.

3

Avanse

Evalye epi amelyore pwogram sekirite ak sante ou a.

